**दिन–सोमवार** **दिनांक–21.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानमंडलक पांच दिवसीय मॉनसून सत्र आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। सत्रक पहिल दिन दुनू सदन मे विपक्षी सदस्य लोकनि राज्य मे कानून व्यवस्थाक स्थिति आ मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक विरोध मे हंगामा आ नारेबाजी कयलनि। हंगामाक बीचहि विधानसभाक कार्यवाही शुरू भेल। अध्यक्ष नंदकिशोर यादव अपन अध्यक्षीय भाषण मे कहलनि जे ई सत्रहम विधानसभाक अंतिम सत्र अछि। सत्रक पहिल दिन हंगामा आ नारेबाजीक बीच मे उपमुख्यमंत्री सह वित्त मंत्री सम्राट चौधरी चालू वित्तीय वर्ष दू हजार पचीस छब्बीसक लेल लगभग अंठावन हजार करोड़ टाकाक पहिल अनुपूरक मांग बजट सदनक पटल पर रखलनि। एकरा बाद विधानसभा अध्यक्ष शोक प्रकाशक बाद सदनक कार्यवाही काल्हि धरिक लेल स्थगित कऽ देलनि। एम्हर विधान परिषद मे सेहो एस.आई.आर आ कानून व्यवस्थाक स्थिति के लऽकऽ विपक्षी सदस्य लोकनि हंगामा कयलनि। मॉनसून सत्र पचीस जुलाई धरि चलत। एहि दरमियान बिहार प्लेटफॉर्म गिग कामगार विधेयक, जननायक कर्पूरी ठाकुर कौशल विश्वविद्यालय विधेयक, बिहार दुकान आ प्रतिष्ठान विधेयक एवं पशु प्रजनन विनियमन विधेयक समेत कतेको विधेयक चर्चाक लेल सदन मे पेश कयल जायत।

---

संसदक मॉनसून सत्र सेहो आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। सत्रक पहिल दिन विपक्षीय सदस्य लोकनिक हंगामा आ नारेबाजीक कारण लोकसभा आ राज्यसभाक कार्यवाही कतेको बेर स्थगित करय पड़ल। लोकसभा मे आइ प्रश्नकाल शुरू होयतहि विपक्षी सदस्य लोकनि ऑपरेशन सिंदूर आ एस.आई.आर पर चर्चा समेत कतेको मुद्दा के लऽकऽ जोरदार हंगामा कयलनि। एहि बीच लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला कार्यवाही दू बजे धरिक लेल स्थगित कऽ देलनि। एम्हर, रक्षामंत्री आ लोकसभा मे उपनेता राजनाथ सिंह कहलनि सरकार कोनो प्रस्तावित विषय पर चर्चाक लेल तैयार अछि। ओ कहलनि जे विपक्ष कँ हंगामाक जगह चर्चाक तैयारी करबाक चाहियनि।

---

न्यायमूर्ति विपुल मनुभाई पंचोली आइ पटना उच्च न्यायालयक मुख्य न्यायाधीश पदक शपथ लेलनि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां राजभवन मे आयोजित समारोह मे हुनका शपथ दिऔलनि। न्यायमूर्ति पंचोली पटना उच्च न्यायालयक पैंतालीसम मुख्य न्यायधीश छथि।

———————————————————————

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आठ अगस्त के सीतामढ़ीक पुनौराधाम मे माता जानकीक मंदिरक शिलान्यास करताह। ई जनतब पत्रकार सभ सँ गपशप करैत केन्द्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय देलनि। ओ कहलनि जे माँ जानकीक मंदिर अयोध्याक तर्ज पर बनाओल जायत।

———————————————————————

प्रदेशक बेसीतर भाग सभ मे मॉनसूनी बरखाक सिलसिला चलि रहल अछि। मौसम विभागक रिपोर्टक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान नालंदा, शेखपुरा आ जमुई जिलाक कतेको ठाम भारी बरखा दर्ज कयल गेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे आइ गयाजी आ नवादा जिला मे किछु ठाम भारी बरखाक संभावना अछि। विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान सुपौल, अररिया, किशनगंज, कटिहार, बांका समेत राज्यक उत्तर–पूर्वी आ दक्षिण–पूर्व भाग सभ मे कतेको ठाम मेघगर्जन, ठनका आ तेज हवाक संग बरखाक चेतावनी सेहो जारी कयलक अछि।

———————————————————————

आइ साओनक दोसर सोमवारी अछि। एहि अवसर पर मंदिर आ शिवालय सभ मे भोरहि सँ भगवान शिव कैँ जलाभिषेकक लेल भक्तक भारी भीड़ लागल अछि। पूरा वातावरण ओम नमः शिवाय केर मंत्रोच्चार सँ गुंजयमान अछि। एम्हर, भागलपुरक सुल्तानगंज मे पैघ संख्या मे कावड़िया उत्तर वाहिनी गंगाक जल उठयबाक लेल पहुंचि रहल छथि। ई कावड़िया लोकनि एक सय पांच किलोमीटर सँ बेसी दूरी तय कऽ कऽ झारखंडक देवघर स्थित बाबा वैद्यनाथक जलाभिषेक करताह। एम्हर, मुजफ्फरपुरक गरीबनाथ, लखीसरायक अशोक धाम, पटनाक बैकटपुर धाम समेत कतेको शिवालय सभ मे भक्तक भारी भीड़ देखल जा रहल अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक महादेव मठ स्थित बाबा वीरभद्रनाथ मंदिर मे जलाभिषेकक लेल सेहो कावड़ियाक भारी हुजूम देखल गेल।

दोसर सोमवारीक पावन अवसर पर पूर्वी चंपारणक जिलाधिकारी सौरभ जोरवाल आ पुलिस अधीक्षक स्वर्ण प्रभात अरेराज स्थित बाबा सोमेश्वर धाम मे श्रावणी मेलाक उद्घाटन कयलनि।

अररियाक जिला एवं सत्र न्यायाधीश गुंजन पांडेय आइ मंडल काराक निरीक्षण कयलनि। एहि दरमियान ओ बंदी सभ सँ गपशप कयलनि आ हुनक समस्या सुनलनि।

पश्चिम चंपारण बेतिया नगर निगमक महापौर गरीमा देवी शिकारिया वार्ड नंबर सत्रह मे आइ निःशुल्क नेत्र जांच शिविरक उद्घाटन कयलनि।

————————————————————————

समाप्त